**दिन– शनिवार** **दिनांक–11.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ प्रगति यात्राक क्रम मे दरभंगा जिला मे पंद्रह सय करोड़क लागति सँ एक सय छियासी योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। एहि योजना मे दोनार मे आर.ओ.बीक शिलान्यास, नव पुलिस भवनक उद्घाटन आ वृहद आश्रय स्थलक लोकार्पण सम्मिलित अछि। दरभंगा मे मुख्यमंत्री द्वारा विभिन्न कार्यक्रमक घोषणा कयल गेल। मुख्यमंत्री घोषणा कयलनि जे दिल्ली मोड़ स्थित बस अड्डा के अंतर्राज्यीय बस अड्डा बनाओल जायत। संगहि, गंगासागर हराही आ दिग्घी पोखरि के सौंदर्यीकरण कयल जायत। दरभंगा– आमस उच्च पथ सँ डीएमसीएच लेल एलिवेटेड रोड़क संपर्कता बनाओल जायत आ एकमी सँ लहेरियासराय सड़कक चौड़ीकरण होयत। एकर अतिरिक्त शोभन बाईपास के फोर लेन पथ के रूप मे विकसित कयल जायत। कुशेश्वर स्थानक सौंदर्यीकरण सेहो होयत आ एहि ठाम जाम सँ छुटकारा लेल बाईपासक निर्माण कराओल जायत। संगहि, मिथिला शोध संस्थानक आधुनिकीकरण तथा संरक्षण के बढ़ावा देल जायत। मुख्यमंत्रीक संग उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी राज्य सरकारक मंत्री विजय कुमार चौधरी, मंगल पांडेय, मदन सहनी, राज्यसभा सांसद संजय झा सहित कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह कहलनि अछि जे वर्ष दू हजार चौबीस मे सोलह हजार नओ सय करोड़ टाका सँ बेसी मूल्यक मादक पदार्थ जब्त कयल गेल। ई स्वाधीनताक बाद सभ सँ पैघ आँकड़ा अछि। श्री शाह आइ नव दिल्ली में मादक पदार्थ तस्करी आ राष्ट्रीय सुरक्षा पर क्षेत्रीय सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ एहि कार्यक्रम मे ड्रग डिस्पोजल पखवाड़ा आ मानस–2 हेल्प लाईनक विस्तारक उद्घाटन कयलनि। गृहमंत्री कहलनि जे ई पखवाड़ा मादक पदार्थ तस्करीक विरूद्ध लोक सभ के कड़गर संदेश देत। ओ राज्य सभ सँ मानस हेल्प लाईन के बढ़ावा देबाक आग्रह सेहो कयलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ अयोध्या मे रामललाक प्राण प्रतिष्ठाक पहिल वर्षगाठ पर सभ देशवासी के शुभकामना देलनि अछि। प्रधानमंत्री एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे ई मंदिर कतेको सदी सँ त्याग, तपस्या आ संघर्षक बाद बनल अछि। ओ एकरा अपन संस्कृति आ अध्यात्मक महान विरासत जनौलनि। श्री मोदी विश्वास व्यक्त कयलनि जे ई दिव्य आ भव्य राम मंदिर विकसित भारतक संकल्पक सिद्धि मे प्रेरणाक एक पैघ श्रोत बनत।

———————————————————

बेगूसराय मे स्थानीय सांसद सह केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंहक अध्यक्षता मे आइ दिशाक बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे जिला पदाधिकारीक उपस्थिति मे कतेको विभागक मामिलाक समीक्षा कयल गेल। एहि अवसर पर केन्द्रीय मंत्री पदाधिकारी लोकनि के आवश्यक निर्देश देलनि।

———————————————————

बिहार विधानसभा मे राजदक मुख्य सचेतक अख्तरूल इस्लाम शाहीन आइ समस्तीपुर मे राजदक चारि दल–बदल कयल विधायक के सदस्यता समाप्त करबाक मांग कयलनि। ओ एक कार्यक्रम मे भाग लैत छलाह।

———————————————————

सारण जिलाक मकेर थानाध्यक्ष रविरंजन कुमार के वाहन जांच मे एक व्यापारी सँ बत्तीस लाख टाका छीनबाक मामिला मे गिरफ्तार कऽ लेल गेल अछि। पुलिस अधीक्षक कुमार आशीष जनौलनि जे कोलकाताक एक आभूषण कारोबारी टाका वसूल कऽ छपरा दिस घूरैत छलाह, तखनहि वाहन जांच कऽ रहल थानाध्यक्ष रविरंजन कुमार जांचक क्रम मे व्यापारीक कार सँ बत्तीस लाख टाका निकालि लेलनि। व्यापारीक शिकायत पर आरोपी थानाध्यक्ष के गिरफ्तार कयल गेल जखनकि थानाध्यक्षक वाहन चालक के गिरफ्तारी लेल छापामारी कयल जा रहल अछि।

———————————————————

पछवा हवाक प्रभाव कम हेबाक संगहि संपूर्ण प्रदेश मे अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे वृद्धि हेबा सँ ठंढ़ा मे कमी भेल अछि। आइ सवेर सँ प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे रौद निकलल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अगिला तीन दिन मे ठंढ़ा मे आओर कमी होयत। न्यूनतम तापमान दू सँ चारि डिग्री बढ़बाक पूर्वानुमान अछि।

———————————————————————————

कटिहार जिलाक कोढ़ा थाना क्षेत्रक रामपुर पंचायत मे एक इंजीनियरिंगक छात्र के पीट–पीट कऽ हत्या कऽ देल गेल। एहि घटना सँ आक्रोशित लोकसभ सड़क जाम कऽ हत्या कयनिहारक गिरफ्तारीक मांग कयलनि।

बेगूसराय जिलाक सहुरी पंचायत मे आगि तपैत काल झरकि गेला सँ एक व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेलनि।

पटना मे गांधी सेतु पर चालीस यात्री सँ भरल एक बस मे अचानक आगि लागि गेल। बस मे सवार यात्री के शीशा तोड़ि कऽ बाहर निकालल गेल। सभ यात्री सुरक्षित रहलाह।

———————————————————————————

समाप्त